

# 31

janvyè

**Alò, sakrifikatè an chèf la kanpe. Li di Jezi : Ou pa reponn anyen ? Sa y ap temwaye kont ou konsa ? Men Jezi rete bouch fèmen.** Matye 26. 62, 63

## **Silans Jezi a (1)**

Pandan tout pwosè sa yo, Jezi te rete bouch fèmen. Sa se yon bagay etranj lè moun ki ta dwe defann tèt li kont moun k ap temwaye kont li yo rete an silans. Sa te fè menm sakrifikatè an chèf la fache : “Devan Bondye vivan, sèmante pou w di nou si se ou ki Kris la, Pitit Bondye a”. Jezi di li : “Apa ou di l” (Matye 26. 63, 64). Li te kontante l pou li di laverite. Yo va kondane L pou Li mouri pou sa, poutèt Li te di, Li se Pitit Bondye a.

Lè yo mennen L lakay Pilat, Jezi te rete an silans, sa ki te etone chèf women sa. Li gen pou li pale sèlman pou Li di Li se Pitit Bondye e Li vini nan monn sa pou “rann temwayaj pou laverite”. Verite sa yo refize rekonèt, men ki nan mitan enjistis sa, nan mitan tout mal sa yo, te klere nan lavi Jezi yon fason moun pa abitye wè.

Lakay Jezi, se ak silans nan kè laverite te pale. Li te anseye nan tanp lan devan tout moun, men yo pa t menm tande l. Men, nan moman sa yo anvan yo te kondane l la, Jezi te rete bouch fèmen.

Kòmman nou kapab konprann chanjman dwòl sa ? Eske silans li a se pa yon fason pou li montre obeyisans pafè li a devan Bondye ? San li pa chèche sove tèt li, Jezi te pran wout ki va mennen l jis nan lanmò sou lakwa. Yo pa t konprann li, yo te rejte l, imilye l, abandone l pou kont li, anba je Bondye li t ap mache pou li mouri. Jezi te avanse ak pwòp volonte l pou sa. Se de tout sa silans li a pale.

Lakay Jezi, silans sa se langaj lanmou li an. Yon lanmou li a ki pi fò pase lanmò, ki fon, pou Bondye e pou nou menm.

# 31 janvier

**Le souverain sacrificateur se leva et lui dit : Ne réponds-tu rien au sujet des accusations qu'ils portent contre toi ? Mais Jésus gardait le silence.**

Matthieu 26. 62, 63

## **Le silence de Jésus (1)**

Au cours de ses différents procès, Jésus se tait. Étrange silence de celui qui refuse de se défendre et de répondre aux faux témoins qui l'accusent. Même le grand prêtre s'en irrite : "Je t'adjure, par le Dieu vivant, de nous dire si toi, tu es le Christ, le Fils de Dieu". Jésus répond : "Tu l'as dit" (Matthieu 26. 63, 64). Il se contente de souligner la vérité. Il sera condamné à mort pour cela, pour avoir dit qu'il est le Fils de Dieu.

Conduit chez Pilate, Jésus se tait, ce qui étonne le chef romain. Il ne prendra la parole que pour déclarer son identité divine et affirmer que le but de sa présence dans ce monde est de "rendre témoignage à la vérité". Vérité que l'on refuse de reconnaître, mais qui, au milieu de cette injustice, de ce déchaînement de mal, brille d'une lumière singulière dans sa personne.

En Jésus, le silence était le langage de la vérité. Il avait ouvertement enseigné dans le temple, et n'avait guère été entendu. Mais, dans ces moments qui précèdent son supplice, Jésus garde le silence.

Comment comprendre ce surprenant changement ? Son silence n'est-il pas une parfaite expression de son obéissance à Dieu ? Sans chercher à se dérober, Jésus s'engage dans ce chemin qui le conduira jusqu'au supplice de la croix. Incompris, rejeté, humilié, c'est dans une solitude totale, sous le regard de Dieu, qu'il marche vers sa mort. Jésus s'avance de lui-même vers ce but. De tout cela, son silence parle.

En Jésus, le silence est aussi le langage de l'amour. Un amour plus fort que la mort, profond, pour Dieu et pour nous.